



Pou Piblikasyon Imedya: 06/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK LIDÈ MAJORITE SCHUMER ANONSE PWOGRÈ
SINIFIKATIF POU ETABLISMAN CHÈN APWOVIZYÒNMAN SEMIKONDIKTÈ
EDWARDS VACUUM KI KOUTE 319 MILYON DOLA NAN KONTE GENESEE**

Lidè Majorite Charles Schumer ak Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight te rejwenn Ofisyèl Edwards Vacuum nan yon vwayaj nan sit konstriksyon gwo founisè sèmikondiktè a nan Pak Fabrikasyon Avanse Syans ak Teknoloji nan Lwès New York

Fabrikan ponp sèk mondyal la pral ranfòse chèn apwovizyònman semikondiktè New York la, kreye jiska 600 djòb nan rejyon Finger Lakes la

Pwojè a konplete "Finger Lakes Forward" lan – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo ak devlope ekonomi an

Foto sit konstriksyon yo [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul ak Lidè Majorite Sena Ameriken an Charles Schumer te anonse jodi a pwogrè sinifikatif nan kad kòmansman konstriksyon premye faz etablisman fabrikasyon ponp sèk Edwards Vacuum ki koute 319 milyon dola, ki sitiye nan Konte Genesee vil Alabama. Edwards Vacuum, yon pati nan Atlas Copco Group, se yon lidè mondyal nan ekipman vakyòm ak rediksyon pou endistri semi-kondiktè, ak yon gwo founisè pou fabrikan semi-kondiktè yo. Jodi a, Lidè Majorite Schumer ak Prezidan Devlopman Empire State, PDG ak Komisè Hope Knight te vizite sit la, ki sitiye nan Pak Fabrikasyon Avanse Syans ak Teknoloji (Science & Technology Advanced Manufacturing Park, STAMP) nan Lwès New York akonpaye pa ekzekitif Edwards Vacuum yo. Desizyon Edwards Vacuum te pran pou l investi nan Eta New York te swiv pasaj lejislasyon Green CHIPS New York la ak Lwa federal CHIPS ak Syans, ki ansanm te ankouraje angajman san parèy 100 milya dola Micron te pran nan New York Santral ki espere kreye prèske 50,000 djòb ansanm ak ekspansyon 11.6 milya dola GlobalFoundries la nan Rejyon Kapital la ki pral kreye plis pase 1,500 djòb dirèk ak dè milye djòb endirèk.

"Angajman Edwards Vacuum pran nan nò Eta New York pral kreye 600 djòb ki byen peye epi atire plis investisman nan rejyon Lwès New York ak nan rejyon Finger Lakes yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ant Pwogram Green CHIPS New York la ak Lwa

federal CHIPS ak Syans lan, n ap pèmèt yon rezirjans fabrikasyon nan eta nou an, pou asire nou pozisyon nou kòm yon sant mondyal pou inovasyon ak episan fabrikasyon semi-kondiktè nan tout peyi a."

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Etap enpòtan sa a make yon gwo pwogrès nan direksyon ouvèti nouvo etablisman fabrikasyon ponp sèk Edwards Vacuum nan Konte Genesee kòm yon adisyon kle pou fè Nò NY vin yon sant mondyal pou endistri semi-kondiktè a. Yon gwo kantite pis òdinatè nan mond lan fèt ak ekipman Edwards Vacuum, epi jodi a Konte Genesee vin kè batan efò sa yo pou Etazini. Soti nan Micron rive nan GlobalFoundries, tout gwo konpayi semi-kondiktè nan New York ak atravè Etazini bezwen teknoloji vakyòm tankou sa Edwards fè pou fabrikasyon pis pa yo. Mwen te ankouraje Edwards Vacuum pou elaji nan Lwès NY paske mwen te konnen ke li ta yon viktwa pou Edwards Vacuum, yon viktwa pou ekonomi Lwès NY la, ak yon viktwa pou chèn apwovizyonman semi-kondiktè Etazini an, epi jodi a sa ap vin yon reyalyte. Gras a Lwa sou CHIPS & Syans mwen an, ki kontinye ap fè investisman apre investisman pou Nò Eta New York, n ap ajoute yon lòt arè nan otowout semikondiktè nou an nan koudò I-90 Tech Hub k ap fleri nou an avèk selebrasyon etap enpòtan nan inogirasyon Edwards Vacuum lan jodi a. Edwards Vacuum se yon gwo aktè nan chèn apwovizyonman semikondiktè an epi li sou pwèn pou alimante Konte Genesee ak yon etablisman 319 milyon dola ak 600 nouvo djòb ki byen peye. M ap kontinye pouse pou jwenn ankourajman federal ki soti nan Lwa CHIPS ak Syans mwen an pou fè pwojè sa a vin yon reyalyte, pou ranfòse ekonomi Konte Genesee ak pozisyon Lwès NY kòm yon sant pou pati Nò Eta NY ak endistri semi-kondiktè a nan nasyon an."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Edwards Vacuum kontinye fè gwo pwogrès nan nouvo etablisman dènye modèl li a ki pral kreye plizyè santèn djòb ki byen peye epi ki pral jenere plizyè milyon dola nan investisman. Avni fabrikasyon semi-kondiktè nasyonal la pase atravè Eta New York, ki kontinye ap grandi kòm yon sant mondyal pou fabrikasyon, rechèch ak devlopman avanse."

Teknoloji ki pwodui nan nouvo etablisman Edwards Vacuum lan se yon eleman vital pou kontwòl anviwònman ki trè sansib pwosesis fabrikasyon semikondiktè yo. Konstriksyon nan remye faz kanpis Edwards ki mezire 240,000 pye kare ki koute 127 milyon dola pral gen ladan etablisman fabrikasyon, depo, ak etablisman administrasyon, ak yon kapasite pou pwodui 10,000 ponp sèk chak ane. Etablisman ki konplètman elektrik la pral fè efò pou sètifikasyon LEED, ak yon majorite enèji ki pwodui atravè elektrisite idwolik.

Angajman Edwards pou konstwi Etazini vini apre envestisman enpòtan ke Administrasyon Biden-Harris te fè pou ogmante fabrikasyon pis nasyonal yo, ak adopsyon Lwa sou CHIPS ak Syans federal la ak lejislasyon Green CHIPS New York la, ansanm ak yon bezwen k ap grandi pou sipòte kliyan li yo nan Amerik di Nò. Ponp sèk Edwards yo fabrike kounye a an Lazi. Lè yo pote fabrikasyon nan New York, kliyan Edwards yo pral fè eksperyans tan datant ki pi kout, amelyore repons ak emisyon CO2

ki soti nan yon pwodwi Ameriken te fè. Edwards estime ke lè premye faz la ap an fonksyon, li pral redwi emisyon CO2 a 13,000 tòn chak ane.

Empire State Development (ESD) deja bay Vacuum jiska 21 milyon dola sou fòm konbinezon Kredi Taks Excelsior Jobs, Kredi Taks pou Envestisman an echanj pou kreye 600 djòb, ak yon 1 milyon dola anplis pou sipòte efò devlopman mendèv ak fòmasyon yon mendèv divèsifye ak enklizif. Anplis de sa, Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) ap sipòte pwojè a atravè yon alokasyon enèji Niagara ki se 4.9 megawat (MW) pri ki ba ak yon alokasyon enèji 2.1 MW Faktè Chaj Elve (High Load Factor) ke NYPA pral achte pou Edwards sou mache enèji a. Kouran idwolik bon mache Niagara a disponib pou konpayi yo ki nan yon reyon 48 kilomèt de Pwojè Kouran Niagara Otorite Enèji a oswa biznis yo ki nan Konte Chautauqua.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Pandan estati New York kòm yon lidè mondyal nan fabrikasyon semi-kondiktè kontinye ap grandi, se konsa tou ap gen bezwen pou patnè chèn apwovizyonman ki fyab. NYPA ap pwofite enèji idwolik Niagara a bon mache li a pou atire fabrikasyon teknoloji dènye kri nan Lwès New York, pou ankouraje investisman prive epi ranfòse ekonomi lokal la. Pwojè Edwards Vacuum nan STAMP ap avanse pou gwo avantaj ekonomi Lwès New York la epi NYPA fyè pou l sipòte pwojè a."

Angajman Gouvènè Hochul pou devlope endistri semikondiktè New York la
Gouvènè Hochul te kenbe yon angajman solid pou konstwi yon ekonomi modèn nan Eta New York lè li devlope endistri semikondiktè dinamik ak inovatè. An 2022, Gouvènè a te siyen lejislasyon istorik Green CHIPS pou fè New York tounen yon sant pou fabrikasyon semikondiktè, sa k ap kreye pandan l ap kreye djòb 21yèm syèk la ak lanse kwasans ekonomik pandan l ap kenbe pwoteksyon anviwònmantral enpòtan. Kòm yon pati nan Bidjè ane fiskal 2024 la, Gouvènè Hochul te asire yon investisman 45 milyon dola pou kreye Biwo pou Ekspansyon, Jesyon, ak Entegrasyon Semikondiktè Gouvènè (Governor's Office of Semiconductor Expansion, Management, and Integration, GO-SEMI) a, ki dirije efò nan tout eta a pou devlope sektè fabrikasyon pis la. An Desanm 2023, Gouvènè Hochul te anonse yon patenarya piblik-prive 10 milya dola – ki gen ladan 9 milya dola nan investisman prive ki soti nan IBM, Micron, Applied Materials, Tokyo Electron ak lòt lidè semi-kondiktè yo – pou pote avni rechèch semi-kondiktè avanse nan rejyon kapital New York la nan kreye premye ak inik Sant Litografi lltavyolèt Ekstrèm ki Wo an NA ki piblik nan Albany Nanotech Complex la.

New York gen yon gwo endistri semikondiktè ki genyen kounye a plis pase 150 konpayi semikondiktè ak chèn apwovizyonman ki anplwaye plis pase 34,000 Nouyòkè. Gras ak efò Gouvènè Hochul, endistri a ap kontinye elaji atravè gwo investisman ki soti nan biznis semikondiktè yo ak konpayi chèn apwovizyonman tankou Micron, GlobalFoundries, AMD, Edwards Vacuum, MenloMicro and TTM Technologies pou elaji prezans yo nan New York. An reyalye, nan de dènye ane yo, konpayi pis yo te anonse plis pase 112 milya dola nan investisman kapital planifye nan New York – plis pase nenpòt lòt eta – epi youn sou kat pis ki te fèt nan Etazini yo pral pwodwi nan yon distans

563 km nan nò Eta New York – pa gen lòt rejyon nan peyi a ki pral konte pou yon pi gwo pati nan pwodiksyon nasyonal la.

Semikondiktè yo enpòtan anpil pou fòs ekonomik nasyon an, sèvi kòm sèvo elektwonik modèn yo, ak pèmèt teknoloji enpòtan pou kwasans ekonomik Etazini, sekirite nasyonal, ak konpetisyon mondyal. Endistri a anplwaye dirèkteman plis pase 300,000 moun nan Etazini epi li sipòte plis pase 1.8 milyon lòt travay lokal. Semikondiktè yo se youn nan senk pi gwo pwodui ekspòtasyon Etazini, epi endistri a se premye kontribitè nan pwodikтивite travay, ki sipòte amelyorasyon nan efikasite nan prèske chak sektè ekonomik — soti nan agrikilti rive nan fabrikasyon.

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Mwen kontan anpil pou m wè pwogrè nan direksyon konstriksyon enstalasyon Edwards Vacuum nan Konte Genesee, ki pral kreye plizyè santèn bon djòb epi devlope ekonomi Lwès New York ak Finger Lakes la. Etablisman Edwards Vacuum la pral pwodui teknoloji ki enpòtan anpil pou asire New York kontinye grandi kòm yon lidè mondyal nan fabrikasyon semi-kondiktè a. Mwen fyè dèske m te goumen pou m adopte Lwa sou CHIPS ak Syans lan ki te ede ankouraje konpayi tankou Edwards Vacuum pou elaji fabrikasyon nan New York, epi mwen pa ka tann pou mwen wè kwasans etablisman sa a pral pote nan rejyon an pou ane k ap vini yo."

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Envesti nan fabrikasyon avanse rejyonal ak inovasyon absoliman enòtan pou debloke tout potansyèl rejyon nou an epi asire lidèchip nou sou nivo nasyonal ak mondyal. Bati sou deziyasyon Rejyonal Teknoloji Hub mwen te ede asire nan Washington, siksè kontinyèl Edwards Vacuum ak tout etablisman Pak Fabrikasyon Avanse Syans ak Teknoloji (STAMP) Lwès New York la pral ede pouse lidèchip semi-kondiktè rejyon nou an nan yon lòt nivo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul, Senatè Schumer, ak tout kòlèg mwen yo nan tou de chanm yo pou sipò yo nan pwojè enpòtan sa yo, epi mwen pa ka tann pou nou kontinye travay ansanm."

Senatè Eta George M. Borrello te deklare, "Gwo investisman Edwards Vacuum fè nan Konte Genesee pral yon eleman ki chanje jwèt la pou zòn nan ak yon nouvo chapit nan eritaj fabrikasyon fyè Lwès New York ak Rejyon Finger Lakes la. Nou gen mendèv kalifye, enfrastrikti ak patenarya piblik-prive ki pral ankouraje siksè nouvo etablisman sit STAMP konpayi an, ki pèmèt li pwospere epi gen yon enpak pozitif sou ekonomi lokal la. Mèsi pou Senatè Schumer, Gouvènè Hochul, Lejislati Konte Genesee ak IDA ke yo tout te jwe yon wòl nan pote pwojè transfòmasyon sa a nan kominote a. Gen gwo bagay sou orizon an."

Manm Asanble, Steve Hawley, te deklare, "New York nan sant endistri semi-kondiktè k ap grandi a epi Chwa Edwards Vacuum lan ap mennnen batay la. Pwogrè konpayi an te fè atravè STAMP te ranfòse ekonomi rejyon GLOW la epi fè yo tounen yon pati enpòtan nan kominote a pandan y ap kontinye kreye travay ak sipòte lòt biznis atravè eta a. Mwen pa ka tann enpak envèstisman sa yo genyen sou eta nou an pandan n ap ogmante pozisyon mondyal nou an kòm yon lidè nan endistri semi-kondiktè a."

Prezidan Lejislati Konte Genesee, Rochelle Stein, te deklare, "Konte Genesee felisite Edwards Vacuum pou pwogrè yo te fè nan STAMP pou reyalize kwasans fabrikasyon chèn apwovizyonman enpòtan pou endistri semikondiktè nou an k ap grandi a. Anpil moun ap travay di pou reyalize vizyon nou tout gen pou STAMP, epi evènman jodi a se prèv ke kenbe kap la epi rete fèm mennnen nou nan yon lòt etap pi pre vizyon sa a."

Sipèvizè Vil Alabama, Rob Crossen, te deklare, "Nan non vil Alabama ak manm konsèy parèy mwen yo, felisitasyon Edwards Vacuum sou pwogrè konstriksyon yo nan mega-sit STAMP la. Sa a se dènye etap enpòtan ki fèt nan STAMP epi li kontinye reyalize vizyon pataje nou an pou investisman ki amelyore ekonomi an, ki atire djòb ki byen peye, epi fè kominote nou an vin yon pi bon kote pou travay ak viv."

Mark Masse, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Sant Devlopman Ekonomik Konte Genesee a, te deklare, "Nou felisite Edwards Vacuum pou etap enpòtan jodi a epi selebre investisman y ap fè nan STAMP pou devlope ekonomi Konte Genesee a epi ranfòse pozisyon New York kòm yon lidè emèjan nan endistri semikondiktè ak endistri chèn apwovizyonman semikondiktè yo. Nou pa ka tann pou nou kontinye travay ak Edwards Vacuum pandan konpayi an ap bati isit la epi menm jan li enpòtan pou nou rekrute talan y ap chèche pou fè etablisman sa a vin yon lidè nan endistri chèn apwovizyonman pou semikondiktè a."

Prezidan ak PDG Greater Rochester Enterprise la, Matt Hurlbutt, te deklare, "Edwards Vacuum te fè pwogrè enpòtan nan direksyon konstriksyon enstalasyon fabrikasyon ponp sèk li yo nan mega sit STAMP nan Konte Genesee. Pwogrè sa a make yon etap enpòtan nan solidifye lyen Edwards ak sektè fabrikasyon avanse ak semi-kondiktè ki solid rejyon Greater Rochester, NY la. Greater Rochester Enterprise rete angaje pou sipòte siksè Edwards nan ankouraje relasyon solid ant lidèchip konpayi an ak pati konsène kle nan biznis, inivèsite, ak kominote a. Konbine koneksyon eksepsyonèl sa a ak talan wo nivo, aksè ak enèji idwolik bon mache, ak resous R&D klas mondyal, epi se pa etonan Edwards te chwazi pou elaji nan rejyon Greater Rochester, NY la."

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a vin konpleman "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou envesti nan endistri kle yo sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development se ajans prensipal devlopman ekonomik New York, epi li ankouraje kwasans biznis, kreyasyon djòb, ak pi gwo opòtinite ekonomik atravè eta a. Ak biwo nan chak nan 10 rejyon eta a, ESD sipèvizè [Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal](#) yo, sipòte ekite wo debi atravè biwo ConnectALL la, epi li ap ogmante mendèv demen an atravè Biwo Devlopman Estratejik Mendèv. Ajans lan angaje ak endistri k ap vini ak pwochen jenerasyon tankou enèji pwòp ak fabrikasyon semi-kondiktè k ap

grandi nan Eta New York, opere yon rezo sant asistans pou ede ti biznis yo grandi ak reyisi, epi ankouraje destinasyon touris klas mondyal yo atravè I LOVE NY. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite esd.ny.gov, epi konekte ak ESD sou [LinkedIn](#), [Facebook](#) ak [X](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)